

Elektrisite Pou Nou Tout

Kesyon Esansyèl: Ki avantaj ki genyen lè moun sèvi ak enèji solè?

Se chak jou, elèv nan plizyè peyi, nan yon kous ousinon yon lit kont solèy la. Anpil pa gen kouran elektrik. Pou rezon sa a yo te oblije fè devwa yo pandan solèy cho ou byen sèvi ak lanp lwil ki se yon danje oswa sèvi ak balèn aswè.

Nan Tsumkwe, yon ti vilaj nan peyi Namibia an Afrik, moun yo te gen chans. Sa pa gen lontan yo te toujou ap sèvi ak yon dèlko ki mache ak lwil pou yo te ka gen kouran elektrik. Sa te koute anpil lajan epi l te pwodui elektrisite pou sèlman twazèdtan chak jou.



Namibi se yon peyi ki nan kòt Sidwès Afrik

Aprè sa lavi moun nan Tsumkwe te chanje. Yon konpayi nan Almay te konstwi yon sistèm ki mache ak solèy nan vilaj la. Nouvo sistèm sa a te pemèt moun nan vilaj la gen elektisite vennkatrè d tan pa jou.

Se pa moun nan Tsumkwe sèlman ki t ap konbat pou elektrisite. Preske de bilyon moun toupatou nan lemond pat gen pouvwa elektrik. Sa vle di lopital yo te gen difikilte

3^{vèm} Ane

pou yo pran swen malad yo. Pifò moun nan peyi sa yo depann sou **enèji** lwil ki te koute chè anpil pou klere chemen yo.

Sepandan, lavi a ap vin pi bon nan peyi ki pa gen bon sous elektrik. Konpayi enèji yo komanse bay van ak pouvwa solè nan kominote sa yo.

Van ak pouvwa solè a ka pi bon mache pase gaz **tradisyonèl** tankou chabon ak lwil. Yo pi pwòp, yo pi an sekirite pou itilize. Sous altènatif enèji sa yo, se yon ti ponyen nan tout pouvwa elektrik ki te itilize nan lemond. Men, plis moun ap itilize sous sa yo chak ane.



1. **Avèk ki sa moun nan vilaj la te konn sèvi pou ba yo limyè?**
2. **Kouman lavi moun nan vilaj Tsumkwe te chanje?**
3. **Ki avantaj ki genyen lè moun sèvi ak enèji solè?**